



**Biwo Cherif Konte Rockland lan**  
**Divizyon Polis**  
**KIJAN POU W DEPOZE YON PLENT**

1. Si ou vle depoze yon plent osijè aksyon yon ofisye oswa osijè nenpòt ki aspè nan operasyon pou fè respekte lalwa yo, tanpri:
  - a. Vini nan departman an epi di nenpòt anplwaye ou vle depoze yon plent; oswa
  - b. Rele biwo departman an epi di moun ki reponn telefòn nan ou vle depoze yon plent; oswa
  - c. Ekri plent ou an epi voye li pa lapòs pou:

Chèt Polis/Cherif  
Divizyon Polis Cherif Konte Rockland lan  
55 New Hempstead Rd.  
New City, N.Y. 10956

2. Yon Sipèvizè ap ede ou ranpli yon fòmilè plent. Fòmilè sa a mande w idantifye tèt ou epi bay detay avèk presizyon osijè plent ou an.
3. Ansuit, y ap fè yon ankèt osijè plent ou an. Yo kapab kontakte ou epi poze w kesyon anplis osijè plent ou an.
4. Si sa pral pran yon tan ki long pou mennen ankèt sou plent ou an, w ap resevwa yon lèt ki di ou apeprè kilè ou ka espere yon repons.
5. Apre yo fè ankèt sou plent ou an, Chèt/Cherif la pral egzamine ankèt la epi li pral ekri ou yon lèt ki eksplike kisa yo rive jwenn osijè pwoblèm lan.



**Biwo Cherif Konte Rockland lan  
Divizyon Polis**

***Fòmilè pou Plent Ke Piblik la Fè***

(Referans GO 501) – 28 out 2020

***KONFIDANSYÈL***

Non moun ki pote plent lan: \_\_\_\_\_

Adrès pou kontakte li? \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn? Rezidans: \_\_\_\_\_ Travay: \_\_\_\_\_

Dat ak lè ensidan an: \_\_\_\_\_

Ki kote ensidan an te fèt: \_\_\_\_\_

Non ofisye (yo) oswa anplwaye (yo) ke y ap pote plent kont li/yo a, oswa lòt mak idantifikasyon (nimewo vwati/machin, nimewo badj, etsetera)

Grad: \_\_\_\_\_ Non: \_\_\_\_\_

Nimewo badj \_\_\_\_\_ Nimewo veyikil: \_\_\_\_\_

Veyikil (ki kalite vwati/motosiklèt, etsetera): \_\_\_\_\_

Non/adrès/nimewo telefòn oswa lòt enfòmasyon idantifikasyon konsènan kèlkeswa temwen, si genyen:

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ekspoze alegasyon (kisa ki te pase): \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

(Si ou bezwen plis espas, itilize do fèy la)

Mwen konprann ke deklarasyon plent sa a pral soumèt a Biwo Cherif Konte Rockland lan epi li kapab sèvi kòm baz pou yon ankèt. Anplis, mwen sensèman e vrèman deklare e afime ke, nan dokiman sa a, bagay mwen di ki rive yo (fè yo), yo konplè, egzak, e vre nan meyè konesans mwen ak kwayans mwen. Anplis, mwen deklare e mwen afime ke mwen te fè deklarasyon mwen an volontèman san yo pa pèsyade m, fòse m, oswa fè mwen pwomès pou sa.

Mwen konprann ke, dapre règleman depatman an, anplwaye ke mwen depoze plent sa a kont li a kapab gen dwa pou li mande yon odyans devan yon komisyon ankèt. Lè mwen siyen epi depoze plent sa a, avèk dokiman sa a, mwen aksepte pou m prezante tèt mwen devan yon komisyon ankèt si anplwaye a mande sa epi temwaye sou sèman konsènan tout kesyon ki anrapò avèk plent sa a.

**Depoze yon fo deklarasyon se yon deli klas A nan Eta Nouyòk. [Lwa Penal Eta Nouyòk Seksyon 175.30]**

\_\_\_\_\_  
Moun Ki Pote Plent lan siyen la a

\_\_\_\_\_  
Dat

Li te refize siyen \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Moun ki Resevwa Plent lan siyen la a

\_\_\_\_\_  
Dat ak Lè Li Te Resevwa Li

\_\_\_\_\_  
Nimewo Ensidan \_\_\_\_\_